

# LEKÒL PIBLIK BOSTON



## Lekòl Nathan Hale Elementary School

Karen Loughran  
Direktris Pwovizwa

20 me, 2021

Pou Komite Skolè Boston estime a :

Tanpri konsidere demann mwen pou n chanje non bibliyotèk « Hale Elementary Library » a, ki fenk reouvè a, pou n ba l non « Cox Memorial Library » pandan reyinyon Komite Skolè 26 me, 2021 an. Pandansetan, m ap mande nou pou n egzamine demann nan, e konsidere vote pou demann nan pandan reyinyon an. Kominote skolè nou an espere genyen yon gran selebrasyon pou ouvèti a, vandredi, 11 jen, 2021, dedikase an onè George Cox. Tanpri, gade dokiman ki vin ak lèt sa a ki anrapò ak demann nan.

Mèsi pou konsiderasyon w,

Karen Loughran, Direktris Pwovizwa

# BOSTON PUBLIC SCHOOLS



## Nathan Hale Elementary School

Karen Loughran  
Direktè Enterimè

13 Me 2021

Pou Moun li Konsène a:

Ane pase, kominote Nathan Hale School la ka Vil Boston nan te pèdi yon chanpyona edikasyon piblik, George Cox. Geroge te entegre Boston Public Schools kòm yon pwofesè primè. Nan fason tipik li, li te pwofesyonèl akonpli ki te imèje tèt li nan travay li. Li te konn vini lekòl la chak jou avèk yon preparasyon ekstrèm ranpli ak pasyon e ak antouzyas ki te fè elèv yo vin pasyone pou aprann. Bon imè li ak volonte li pou ale pi lwen ke apèl devwa li te fè tout kolèg li yo te respekte li ak admire li.

Lè paran Afwo-Ameriken yo te pouswiv Boston Public Schools devan tribinal federal la epi te genyen yon vèdik pou entegre tout lekòl yo nan objektif pou bay a chak elèv chans egal ak yon bon edikasyon. BPS te kreye yon nouvo Depatman Mizannèv ki te responsab respè òdonans tribinal la epi George te pwomouvwa pou fòmile politik ak pwosedi depatman sa. George t'ap travay nan depatman sa pandan plizyè ane nan ede gide 15000 administratè siperyè yo, direktè yo ak pwofesè yo nan BPS.

George te kite BPS pou okipe yon pòs direktè avèk Boston Housing Authority ki t'ap sibi nan moman sa menm pwoblèm diskriminasyon yo. Yon lòt fwa ankò, George te enpresyone responsab lojman yo ak lokatè yo akòz de konpetans li yo, entelijans li ak kapasite li pou rezoud pwoblèm epi ak konpasyon li. Li te rete nan BHA pou plizyè ane ki te swiv pa yon karyè brèf nan endistri wot teknoloji nan Miter Corporation. Toutfwa, yo te mande George pou retounen nan BPS nan 1986 pou asime yon lòt pozisyon direktè nan Office of Human Capital. Li te okipe ansuit Pòs Direktè Sant lan pou Devlopman Lidèchip konsa tou nan plizyè lòt fonksyon nan Office of Human Capital. George te jwe yon wol motè nan efò ki te vize pwomouvwa nan bay anseyan nwa yo travay ak pou ofri pi gran posibilite ekselans nan edikasyon ak elèv koulè yo. Aprè yon karyè distenksyon, George te pran retrèt nan 2014. Li te yon mesye ki te ekstrèmman dosil, li te refize otorize yon fèt retrèt nan onè li. Toutfwa, menm nan retrèt George te rete aktif avèk BPS. Li te fè benevola nan Nathan Hale School senk jou pa semèn/senk èdtan pa jou nan ede elèv 4èm ak 5èm ane yo.

Pandan tout karyè pwofesyonèl George la, li te resevwa plizyè pri ak distenksyon pou sèvis eksepsyonèl li ak anpil moun e ak anpil enstisyon nan Boston li te konn sèvi ki enkli: Black Educators' Alliance of Massachusetts (Alyans Edikatè Nwa yo nan Massachusetts), NAACP, Urban League of Eastern Massachusetts, Boston Network for Black Student Achievement (Rezo Boston pou Reyisit Elèv Nwa yo), Roxbury Multi-Service Center (Sant Milti-Sèvis Roxbury), Boston Day and Evening Academy, Boston Schools Parent Council (Konsèy Paran Lekòl Boston yo) ak anpil lòt òganizasyon. Kamarad George yo konsidere li kòm yon mesye ki gen yon konviksyon, yon entegrite, yon kouraj, yon konpasyon, yon fòs, yon lanmou, yon entèlèk, ak yon moralite ki pa ka ebranle. Li te dinamik, dosil, dou, onèt, atansyon, fyab, yon ekriyen trè pèfòman, pwolifik, kalm men enèjik, ki fè lè l'ap pale, tout moun ak koute li. Se te yon mesye enkwayab ki te touche anpil vi nan plizyè fason. Nou vin pi bon moun gras ak li menm.

Pou nou kapab onore George Cox, konsèy sit Nathan Hale School la te vote an favè nominasyon bibliyotèk nou an ki fèk reyabilite nan onè George Cox. Nou te kòmanse pwosesis nominasyon an nan kòmansman ane lekòl 2020-2021 an, lè nou te kòmanse reve yon nouvo bibliyotèk Hale ki dedye ak Mesye Cox. Nou te swiv Politik Nominasyon BPS School la ak Pwosedi sikilè (SUP-4) la. Nan patenarya avèk direktis ki retirete Madam Romaine Mills-Teque, mwen fòmèlman prezante ide ak School Site Council (Konsèy Sit Lekòl) nou an an Novanm. Apati de Novanm rive nan Avril, kominote Hale School la te pale de pwojè a, ki pòte renovasyon ak sigjesyon nouvo non an avèk sipò cho tout moun. Konsèy Sit Lekòl nou an te fè yon vòt fòmèl 13 Avril, epi te aksepte inanimite

# BOSTON PUBLIC SCHOOLS



## Nathan Hale Elementary School

Karen Loughran  
Direktè Enterimè

pou apwouve pwopozisyon sa. Reyinyon sa te rann piblik epi dat, lè, lokal, ak pwgram jounen an te afiche avèk tout pèsònèl la ka paran yo. Anplis, mwen te pwograme yon odyans piblik epi te afiche avi odyans lan nan biwo grefye Minisipal la, pibliye enfòmasyon sou odyans lan nan jounal, epi voye enfòmasyon yo pou pèsònèl la ak pou fanmi yo. Odyans lan te kòmanse madi 4 Me a 5:00pm. Pandan odyans lan, tout patisipan yo te vote a inanimite pou nome bibliyotèk nou an George Cox Memorial Library. Pwosè vèbal odyans sa gen lyen li isit: [Nòt sou Odyans Piblik yo: George Cox memorial library.](#)

Konnen George Cox se te renmen George Cox. Nou mande ak Sirentandan ak Komite Lekòl la pou revizyon yo ak apwobasyon yo pou demann sa. Nan non Konsèy Sit Nathan Hale School la, mwen pwopoze non pou bibliyotèk nou an vin George Cox Memorial Library.

Mèsi pou konsiderasyon ou pou demann sa,

Karen Loughran, Direktè Enterimè